



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK NORTHWELL HEALTH ANONSE PÈSONÈL SWEN SANTE
ETA NEW YORK AP VWAYAJE POU ALE UTAH POU SIPÒTE REPONS COVID-19
ETA A**

*Anvan sa Intermountain Healthcare te voye plizyè douzèn travayè swen sante nan
Eta New York pandan moman bezwen an*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York ak Northwell Health pral deplwaye omwen 30 pèsonèl swen sante nan Utah pou sipòte Intermountain Healthcare - ki se pi gwo founisè swen sante eta a. Anvan sa Intermountain Healthcare te voye plizyè douzèn travayè swen sante nan New York pou sipòte Northwell ak lòt lopital yo. Eta New York pral bay PPE ak ekipman jan sa nesesè, epi premye gwoup travayè swen sante yo pral vwayaje nan Utah dimanch sa a.

"Nou ap pran nouvo etap nan efò kontinyèl Eta New York pou repeye gratid ke moun nan tout peyi a te montre nou, epi tou nan yon nivo pratik pou kenbe nou an sekirite--yon epidemi nenpòt kote se yon epidemi ki tout kote", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral voye pèsonèl sante nan Utah nan Intermountain Healthcare Hospital System (Sistèm Lopital Intermountain Healthcare) lan, ki se pi gwo sistèm lopital nan Utah a. Utah ak sistèm lopital sa a te trè jenere anvè New York lè nou te bezwen èd, yo te voye plizyè douzèn anplwaye nan sistèm lopital Northwell la ki te yon gwo founisè pou nou pandan COVID la. Kidonk, nou pral voye prensipalman pèsonèl Northwell ak pèsonèl Depatman Sante (Department of Health, DOH), apeprè 30 moun, ansanm ak nenpòt PPE, ak ekipman ki nesesè. Mwen remèsye Gouvènè Herbert ak tout moun ki nan Utah, e jan mwen toujou di nan non Nouyòkè yo, nou pa pral bliye e n'ap fè pou yo sa yo te fè pou nou, paske se fason Ameriken sa a".

"Pandan pik pandemi an isit la nan New York, nou te rekonesan pou sipò ekstraòdinè Sistèm Sante Intermountain lan te ofri nou ki te voye pou nou plis pase 60 anplwaye devan liy lan ki gen ladan doktè ak enfimyè", **Deklarasyon Michael Dowling, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell Health, ki se pi gwo founisè swen sante New York ki te trete pifò pasyan kowonaviris yo nan Etazini.** "Nou kontan kounye a pou kapab rann respiposite nan voye anplwaye pou ede yo nan batay aktyèl yo kont maladi sa a."

Angajman New York pou ede Vil yo ak Eta yo konbat kont COVID-19 la

Pandan batay kont COVID-19 la, Eta New York te bay PPE ak ekipman nan Florid, Georgia ak Texas. Anplis de sa, eta a te bay resous sa yo:

- 29 jiyè a Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York pral etabli yon sit tès nan [St. Petersburg, Florida](#).
- 20 jiyè a, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York pral etabli de sit tès nan legliz nan zòn sansib ak COVID-19 yo nan [Savannah, Georgia](#).
- Nan dat 26 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse ke Eta New York te etabli de sit tès nan legliz nan zòn sansib ak COVID-19 yo nan [Houston, Texas](#).
- Nan dat 13 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York pral voye ekip tès ak trasaj kontak nan [Atlanta, Georgia](#).
- Nan dat 10 jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse Eta New York ap voye medikaman Remdesivir pou COVID-19 bay [Florida](#) piske eta a gen difikilte avèk reyaparasyon ka yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU